

PWOGRAM POU APTITID AKADEMIK, PWOFEYONÈL AK APTITID KI ESANSYÈL (ACADEMIC, CAREER, AND ESSENTIAL SKILLS, ACES)

Pwogram ACES se yon pwogram ki founi edikasyon akademik apwopriye ki gen rigè pou elèv ki gen andikap entelektiyèl oswa plizyè andikap, ki elijib pou patisipe nan Evalyasyon altènè eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA). Yo ofri pwogram ACES nan klas kindergarten rive 12yèm ane nan lekòl Distri 1-32.

Pwogram ACES ankouraje ak devlope pratik enklizyon, ofri bonjan opòtinite enklizyon pou tout elèv epi asire yo rankontre avèk elèv kourikoulòm edikasyon jeneral pandan jounen an. Lidè lekòl rekonèt elèv aprann pi byen lè yo patisipe totalman epi yo akeyi manm kominote lekòl la. Lekòl pwogram ACES yo mete anplas yon ansanm sipò patikilye lè yo itilize kourikoulòm apwouve ki baze sou rechèch ak prèv, enstriksyon yo konsevwa espesifikman, ak yon pakèt resous pou itilize tout pwèn aksè, ogmante reyisit elèv. Elèv ki elijib yo jeneralman montre karakteristik sa yo:

PWOFIL ELÈV ACES

- **Klasifikasyon :** Elèv yo dwe elijib pou klasifikasyon edikasyon espesyal pou ID oswa MD ak elijib pou patisipe nan evalyasyon altènatif, tankou NYSAA.
- **Konesans/Entelijans:** Elèv ki pa gen gwo andikap entelektiyèk oswa andikap entelektiyèl modere.
- **Reyalizasyon:** Aptitud ak ladrès akademik anba anpil pou nivo klas yo. Elèv yo ka bezwen lòt sipò lè y ap travay poukont yo oswa angwoup. Yo ka itilize aparèy teknoloji sipò pou ede yo aprann oswa aji yonn ak lòt.
- **Konpòtman:** elèv yo kapab genyen pwoblèm konpòtman ki pa grav pou rive nan modere, men se pa konpòtman agresif ni konpòtman ki ka fè yo fè tèt yo mal. Pwoblèm konpòtman yo ka anpeche opòtinite aprantisaj ak opòtinite sosyal.
- **Aptitud yo adapte:** Kapasite elèv la pou fè aktivite lavi tankou penyen, mete rad, manje, rete ansekirite ak sosyalize, ke yo rele konpòtman adaptasyon, pèfòme nan yon nivo ki pi ba anpil pase nivo yo atann pou li a. Pou ekip IEP elèv la evalye abilite pou li endepandan ak aptitud li pou woutin chak jou, yo itilize yon tès konpòtman adapte. Souvan yo konsidere elèv ki fè ti nòt nan tès konpòtman adaptasyon an pou pwogram ACES la.
- **Aptitud esansyèl pou siviv:** Pwogram ACES yo itilize lekòl la ak kominote lokal pou kore elèv yo nan aprann ladrès pou siviv tankou bati relasyon ak kamarad ak adilt, acha nan episri, aprann kòman pou itilize yon bank, elatriye).
- **Aptitud preparasyon pou travay:** Elèv ap devlope abilite k ap prepare yo pou opòtinite aktyèl ak alavni nan yon mache travay k ap devlope. Sa gen ladan bon konpòtman nan travay, yon atitud pozitif kigen ladan jesyon tan, kominikasyon efektiv ak abilite pou defann tèt ou atravè aprantisaj ki baze sou similasyon travay oswa travay reyèl.

OPSYON PWOGAM ACES YO

- **Estrikti klas la:** Elèv ki nan pwogram ACES ale nan lekòl distri 1-32 nan klas ki pa gen anpil elèv. Kantite elèv ki nan klas espesyal ACES ogmante pandan elèv yo ap kite lekòl primè, lekòl presegondè pou ale nan lekòl segondè. Nan Kindergarten rive 8yèm ane, pifò pwogram ACES yo gen jiska 12 elèv nan yon klas espesyal, yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon papapwofesyonèl nan salklas la (12:1+1). Nan lekòl segondè (klas 9yèm-12yèm ane), pwogram ACES yo gen jeneralman jiska 15 elèv ak yon pwofesè edikasyon espesyal (15:1). Pwogram lan souliye opòtinite pou elèv la pou fonksyone ansanm avèk kominote lekòl la ak angaje avèk kamarad ki pa gen IEP.
- **Estaf:** Pwofesè ak estaf yo resevwa fòmasyon nan estrateji enstriksyon espesyalize ak evalyasyon ki sipòte elèv nan aprantisaj ak nan aplikasyon ladrès travay ak ladrès esansyèl pou siviv poukont yo lakay, nan lekòl ak nan kominote a.
- **Kourikoulòm ak enstriksyon:** Kou pwogram ACES suiv menm nòm aprantisaj eta Nouyòk, avèk adaptasyon pou metòd enstriksyon ak fason yo bay enstriksyon an jan sa apwopriye. Prensip konsepsyon inivèsèl pou aprantisaj (Universal Design for Learning, UDL) epi yo antre fòmasyon kapasite esansyèl ladrès nan pwogram lan.

PWOSIS APLIKASYON NAN ACES

Men etap pou konnen si pitit ou a elijib:

1. **Aplikasyon:** Si w panse pwogram ACES ka bon pou pitit ou a, travay avèk ekip IEP pitit ou a pou ranpli ak remèt yon aplikasyon nenpòt lè pandan ane lekòl la. Yo dwe fè tout evalyasyon yo nan espas twa ane apati dat aplikasyon an pou nou ka avanse avèk pwosis admisyon an. Ekip ACES santral la ka mande nouvo evalyasyon.
 - Fanmi ak lekòl yo ka kontakte ekip santral ACES la nenpòt lè pandan ane a pou mande ransèyman oswa pou poze yon kesyon pa imèl nan ACESPrograms@schools.nyc.gov.
 - Pou timoun k ap antre nan kindergarten an septanm fanmi oswa lekòl sipoze kontakte ekip santral pwogram ACES la pi vit posib.
2. **Avi resepsyon Ekip santral ACES la:** Si w voye yon imèl ba ekip santral ACES la, w ap resevwa yon imèl pou fè w konnen yo resevwa aplikasyon w lan. Si w fakse oswa poste yon aplikasyon ba ekip santral ACES la, w ap resevwa yon lèt pou konfime yo resevwa demann ou an.
 - Si w voye yon aplikasyon pou pitit ou a, san w pa mete ekip IEP pitit ou a okouran, Ekip santral pwogram ACES la ap fè lekòl pitit ou a konnen pou di yo ou enterese nan pwogram ACES la.
 - Si ekip IEP pitit ou a voye yon aplikasyon pou pitit ou a, w ap resevwa tou yon avi pou fè w konnen Ekip santral ACES la resevwa yon aplikasyon. Tanpri asire ekip IEP a gen adrès imèl ou.
3. **Premye evalyasyon elijiblite pou ACES:** Ekip santral ACES la evalye chak dosye edikasyon espesyal elèv pou konnen si evalyasyon yo ajou epi si yo gen ase enfòmasyon sou aptitud pitit ou a pou pran konesans ak aptitud akademik, ansanm ak ladrès sosyal, pou langaj, pou konpòtman, ak adaptasyon l. Anplis, yo evalye dosye a pou asire elèv yo satisfè kondisyon pou klasifikasyon andikap akademik ID oswa MD.
 - **Evalyasyon ki ajou:** Si yo bezwen evalyasyon ki ajou oswa plis evalyasyon, y ap mande ekip IEP pitit ou a

pou fè yo. W ap resevwa yon lèt ki soti nan DOE k ap mande w pou bay konsantman w pou yo fè lòt tès yo.

- **Lèt Enfòmasyon anplis:** fanmi ka soumèt tou lòt evalyasyon pou ekip santral pwogram ACES la revize. Nenpòt evalyasyon yo pataje avèk ekip santral ACES la ap antre nan dosye edikasyon pitit ou a.
- 4. Detèminasyon elijiblite:** Dapre enfòmasyon ki soti nan evalyasyon yo, obsèvasyon, ak nan nenpòt lòt enfòmasyon pwofesè ak founisè sèvis bay, ekip IEP elèv la ki gen ladan paran elèv la, ekip santral pwogram ACES la pral detèmine si pitit ou a elijib pou pwogram ACES.
 - 5. Plasman nan lekòl:** Si pitit ou a elijib pou yon pwogram ACES, w ap resevwa yon avi alekri (Prior Written Notice, PWN) ak yon lèt (School Location Letter, SLL) ki gen yon lekòl yo idantifye ki gen yon plas nan pwogram ACES la. Pwogram ACES la ka nan yon lekòl ki pa lekòl distri bò lakay ou a. Si lekòl la pa pre lakay ou, pitit ou a ka resevwa sèvis transpò pou ale lekòl la.
 - 6. Vizit ak admisyon:** Lèt SLL la pral gen ladan non moun pou kontakte ak adrès lekòl la. Tanpri rele lekòl la pou w pran yon randevou pou vizite lokal la. Apre ou fin vizite lekòl la, kontakte ekip IEP a pou fè yo konnen si w aksepte oswa refize òf yo fè w la.
 - 7. Enskripsyon nan nouvo lekòl la:** Apre ou fin aksepte plas yo ofri w nan ACES la, tanpri pote lèt SLL la ansanm ak yon kopi batistè pitit ou a ak de prèv adrès pou enskri pitit ou a nan nouvo lekòl la. Se Ekip santral ACES la ak Sant byenveni pou fanmi an ki kowòdone pwosesis enskripsyon pou lekòl segondè a.